

Previzyon nan Fòmasyon SNAP

Rapèl Enpòtan

Lè ou te aplike pou aksepte benefis Pwogram Asistans Nitrisyon Sipleman (SNAP) ou te rekonèt responsablite w pou fòme tout pwopriyetè ak anplwaye yo (peye oswa san peye, aplentan oswa a tan pasyèl, enkli manm fanmi yo) k ap travay nan magazen ou a.



Sèvis Manje ak Nitrisyon (FNS) prevwa ke nan magazen ki otorize Pwogram Asistans Nitrisyon Sipleman (SNAP) yo gen yon règleman ak yon pwogram konfòmite operasyonèl etabli pou anpeche vyolasyon SNAP rive. Objektif nou se pou asire ke tout pwopriyetè magazen yo byen konprann epi apresye responsablite sa a epi yo konnen resous fòmasyon yo.

Nan yon minimòm, yon pwogram fòmasyon akeptab SNAP gen ladann sa ki annaprè a:

1. Revizyon konplè sou materyèl fòmasyon FNS ak règleman pwogram yo:

- ❖ Ou ka jwenn gid fòmasyon SNAP ak videyo sou <https://www.fns.usda.gov/snap/retailer/training>

2. Fòmasyon Inisyal Dokimante: Pwopriyetè magazen ak anplwaye yo dwe resevwa fòmasyon nan lespas 30 jou apre otorizasyon SNAP ak/oswa travay nan magazen an. Fòmasyon sa a dwe dokimante. Dokimantasyon dwe genyen ladan yo:

- ❖ Non pwopriyetè (yo) ak anplwaye (yo).
- ❖ Dat travay, ak dat fòmasyon.
- ❖ Yon dosye sou materyèl fòmasyon SNAP yo revize.
- ❖ Siyati pwopriyetè (yo) ak anplwaye (yo) ki sètifye fòmasyon SNAP yo.

3. Fòmasyon Resiklaj Dokimante: Fòmasyon resiklaj obligatwa pou omwen yon fwa nan chak ane kalandriye. Dokimantasyon sou fòmasyon resiklaj la dwe gen ladann:

- ❖ Non pwopriyetè (yo) ak anplwaye (yo),
- ❖ Dat travay,
- ❖ Dat premye fòmasyon,
- ❖ Dat fòmasyon resiklaj ak
- ❖ Yon dosye sou materyèl revize,
- ❖ Siyati pwopriyetè (yo) ak anplwaye (yo) ki sètifye fòmasyon resiklaj.

Pwopriyetè magazen yo responsab pou asire ke vyolasyon SNAP, tankou echanj avantaj SNAP pou lajan kach oswa vann atik ki pa elijib, pa angaje pa anplwaye yo. Vyolasyon SNAP ka lakòz pouswit kriminel, amann ak/oswa soti nan SNAP ak WIC.

Ou ka anpeche vyolasyon ak yon gwo règleman konfòmite operasyonèl ak pwogram fòmasyon.

Ou ka jwenn Rapèl Enpòtan yo ak enfòmasyon sou fòmasyon nan <https://www.fns.usda.gov/snap/retailer/training>

Si ou gen kesyon, tanpri kontakte Sèvis Nitrisyon ak Manje, SNAP, nan RPMDHQ-Web@fns.usda.gov